Лъэпкъ фIыгъуэхэр щахъумэ

2-нэ нап.

«БлэкIам пIаллъэ иIэкъым»

3-нэ нап.

Ди хэкуэгъум и IэдакъэщIэкIхэр

4-нэ нап.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ещанэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№82 (24.832) • 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Республикэми къэралми къахуэщхьэпэнущ

КъБКъУ-м МедицинэмкIэ и академиер къэзыуха ныбжьыщIэ 387-м я дипломхэр ЩIалэгъуалэм я унэм дыгъуасэ щратыжащ. Абыхэм ящыщу цIыху 30-р фIы дыдэу еджащ. Дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«ДИПЛОМ къыпIэрыхьэжыныр дэтхэнэ цIыхум дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым. - ЕгъэджакIуэхэм, профессорхэм, ныбжьыщIэхэр езыгъэджа, зыгъэса, IэщIагъэм хэзыгъэгъуэза дэтхэнэ зыми гурэ псэкIэ фIыщIэ яхузощI. Зыр, аккредитацэм пхыкIа нэужь, терапевт е сабий дохутыр хъунщ, адрейм и щIэныгъэм ординатурэм щыпищэнщ, нэхъ кууэ дохутыр IэщIагъэ щхьэхуэм зригъэсэн папщIэ. КъБР-м МедицинэмкIэ и академием сыт хуэдэ зэмани IэщIагъэлIхэр фIыуэ игъэхьэзыру, ахэр Урысейм и лъэныкъуэ псоми щылажьэу къызэрекIуэкIыр къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Дауи, IэщIагъэ псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ, итIани, дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ нэхъ хэIэтыкIахэм, къэралри жылагъуэри нэхъ зыхуэныкъуэхэм ящыщщ».

КIуэкIуэ Казбек ныбжьыщIэхэм ехъулIэныгъэ яIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ ирагъэфIакIуэу лэжьэну ехъуэхъуащ.

«Шэч къытесхьэркъым фэ фщыщ дэтхэнэ зыри и Хэкум зэрыхуэщхьэпэнум! Гъуэгу махуэ!» - яжриIащ къэзыухахэм республикэм и Iэтащхьэм.

ЩытыкIэр Iэтащхьэм и нэIэм щIэтщ

● КъэхъукъащIэхэр

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэм бадзэуэгъуэм и 4-м и пщыхьэщхьэм теуа щIэпхъэджащIэр яукIащ.

УIэгъэ хъуа хабзэхъумэм зыхуеину медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ират. Iуэхур къызэрыхъуа щIыкIэр зэхагъэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а махуэ дыдэм оперативнэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ икIи и телеграм каналым щыжиIащ щытыкIэр я нэIэм зэрыщIэтыр икIи цIыхухэр мыпIейтеину къыхуриджащ.

Ди къуэш республикэхэм

Дипломхэр иратыж

АДЫГЕЙ. ***МГТУ-м и медицинэ институтыр мы гъэм къэзыуха цIыху 450-м я дипломхэр иратыжащ.***

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ МГТУ-м и япэ ректор, абы и президент Тхьэхущынэ Аслъэн. Ар институтым къыщIэкIахэм ехъуэхъуащ, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну зэригуапэр жиIэри, къыхэжаныкIахэм дипломхэр яIэщIилъхьащ.

ЕджапIэр къэзыухахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мерэтыкъуэ Рустем, МГТУ-м и медицинэ институтым и унафэщI Нэмитокъуэ Хьэзрэт, апхуэдэуи факультетхэм я деканхэу Беслъэнгъур Заремэ, Щоджэн Вячеслав, Арутюнов Артур сымэ.

Iуэхум и Iыхьэ хэхат студент илъэсхэм къриубыдэу унагъуэ хъуахэм ехъуэхъуныр, апхуэдэуи егъэджэныгъэм къыщыхэжаныкIа студентхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ тхылъхэр етыныр.

Институтыр къэзыухахэм хьэлат хужьхэр щатIагъэри, я IэщIагъэм зэрыхуэпэжынум, цIыхухэм хьэлэлу зэрахуэлэжьэнум теухуа псалъэ ятащ - Гиппократ и тхьэрыIуэр жаIащ.

Зэдэлэжьэну зэгурыIуащ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и щыхьэрымрэ Урысей Федерацэм и Самарэ къалэмрэ къэрал, экономикэ зэпыщIэныгъэхэр яку зэрыдэлъынум теухуауэ зэгурыIуащ.***

ДЭФТЭРХЭМ я Iэ щIадзащ Сыхъум администрацэм и Iэтащхьэ Агъырбэ Тимуррэ Самарэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Носков Николайрэ.

Мэзкуу утыку къыщохьэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум хуэгъэпса «Бал Победы» урысейпсо щэнхабзэ-хэкупсэ Iуэху щхьэпэм КъШР-м къыбгъэдэкIыу хэтащ республикэм и Карачаевск къалэм дэт политехническэ колледжым и студентхэу Боташев Алимрэ Биджиевэ Радимэрэ.***

МАХУЭШХУЭР щекIуэкIащ Мэзкуу дэт, Урысей армэм и академическэ театр нэхъыщхьэм, къэралым и щэнхабзэ центр нэхъ пщIэ зиIэхэм я зым. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ «Урысейм и СПО-м и унафэщIхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ IуэхущIапIэр, Урысей армэм и академическэ театрыр, «Хрустальный очаг» щэнхабзэ IэнатIэр, унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымкIэ фондыр, Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэхэр я щIэгъэкъуэну.

Колледжым и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Аджий Виолеттэ и унафэм щIэту студентхэм ягъэзэщIащ къафэ 11, вальс, кадриль, тангэ жыхуиIэхэр хыхьэу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Шэджэм псыкъелъэхэм къыщыщIэдзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэм щыпащэ. Ахэр ирагъэкIуэкI «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, апхуэдэуи щIыналъэ мылъкуи халъхьэу.

ЛЭЖЬЫГЪЭУ зэфIахым я нэхъыщхьэщ икIи нэхъ гугъуэхэм ящыщщ Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу жылэхэм я зэхуаку дэлъыр. А лэжьыгъэхэр гугъу зыщIыр бгылъэ щIыпIэхэм зэрыщекIуэкIымрэ гъуэгум щыщ Iыхьэшхуэ псы Iуфэм и гъунэгъуу зэрыщытымрэщ. Мыбдеж къыщагъэсэбэп инженер-технологие лъагэхэм ятещIыхьа бгъэдыхьэкIэщIэхэр, пэрытхэр. Апхуэдэу Iуэхум ирахьэлIэ иджырей IэмэпсымэхэР, транспорт хэхахэр. Гъуэгум и кIыхьагъыр псори зэхэту километр 64-рэ мэхъу. А проектыр диIыгъащ ди къэралым и Президент Путин Владимир.

- Мы зэманым ухуакIуэхэр йолэжь а гъуэгушхуэм щыщу Шэджэм псыкъелъэхэм къыщыщIэдзауэ Булунгу нэс Iыхьэу километр 25-рэ хъум. Абы къыдэкIуэу зэрагъэпэщыж лъэмыжи 9, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым тепсэлъыхьу. - Гъуэгухэм я лъабжьэр ягъэбыдэ, гъуэгубгъум Iутынухэр зэрагъэтIылъынур траухуэ, псыжапIэхэр хуащI. А Iуэхухэр щызэфIах Булунгу, Эльтюбю жылэхэм япэгъунэгъуу.

Дызэрыт илъэсыр имыкI щIыкIэ зэфIагъэкIынущ гъуэгухэм я лъабжьэр гъэтIылъыным, асфальтым и япэ Iыхьэр телъхьэным, гъуэгу Iуфэхэм Iутынухэр гъэувыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Республикэм и адрей гъуэгухэм хуэдэу, мыбдежми къыщагъэщIэрэщIэжынущ гъуэгум тет дамыгъэхэр.

А псоми IэмалыфIхэр къатынущ бгылъэ гъуэгухэм я шынагъуэншагъэм нэхри хэгъэхъуэнымкIэ, апхуэдэуи зи нэгу зезыгъэужьхэм, хьэрычэт Iуэхум дихьэххэм я бжыгъэри нэхъыбэ ищIынущ, цIыхухэр къезышэкI транспортым и лэжьыгъэри ирагъэфIэкIуэнущ.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэр псори зэфIэха хъунущ илъэс къэкIуэнум къриубыдэу.

Гъавэр къэрахьэлIэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъавэ Iухыжыгъуэ лъэхъэнэр щокIуэкI. Псом япэу Iуахыжыр бжьыхьэсэ гъавэрщ. Гуэдзу зэщIакъуэжащ гектар миным щIигъу, хьэуэ гектар мини 6,7-рэ, былымкъэбыстэу гектар мини 2,3-рэ.

ХАДАХЭКI къэкIыгъэхэри къэрахьэлIэж. Нащэрэ джэш хъурейуэ гектар мини 2,6-рэ Iуахыжащ. Ахэр занщIэу республикэм и консерв заводхэм ирагъэшащ. Дунейм и щытыкIэри мэкъумэш лэжьакIуэхэр зыхуейм хуэдэщ. Абы и фIыгъэкIэ и чэзум гъавэри хадэхэкIри къэрахьэлIэжыну Iэмал хъарзынэ яIэщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ республикэм и мэкъумэш предприятэхэр хъарзынэу техникэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, абыхэм иджыри къазэрыхэхъуэр. Къапщтэмэ, япэ илъэс ныкъуэм хозяйствэхэм трактору 75-рэ, гъавэ зэрыIуахыж комбайну 6 къащэхуащ, IэнатIэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу мы гъэм къаIэрыхьар нэгъабэ нэхърэ нэхъыбэщ. Машинэхэр Урысейм, Белоруссием къыщыщIагъэкIащ.

Иджырей техникэхэмрэ IэмэпсымэхэмрэкIэ я фIыгъэкIэ мэкъумэш лэжьыгъэхэр зыхуей хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI, гъавэр хэкIуэдыкIыншэу и чэзум къэрахьэлIэж. Псори зэхэту иджыпсту республикэм иIэщ трактору мини 6-м нэблагъэ, гъавэ зэщIэзыкъуэж комбайну 600-м щIигъу, Iусыпхъэр Iузыхыж комбайн лIэужьыгъуэу 160-рэ.

«Мэшыкъуэм» зыхуагъэхьэзыр

Бадзэуэгъуэм и 5-м ирагъэжьащ «Мэшыкъуэ» XVI урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэм зыщыхуагъэхьэзыр семинарыр. Абы хэтщ къызэгъэпэщакIуэрэ волонтёру цIыху 200-м щIигъу. Ар Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым махуиплIкIэ щекIуэкIынущ.

ЯПЭ махуэм зэуэ еджэныр яублащ. Щхьэхуэу гулъытэ хуащIащ къэралым и щIалэгъуалэм папщIэ щыIэ утыку нэхъ ин дыдэм щылэжьэну гупыр къызэгъэпэщыным.

- Нобэ щIыдодзэ къэралым папщIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхушхуэу щIалэгъуалэр зыхэтынум зыхуэдгъэхьэзырын. Ди япэ зэIущIэхэм дызэрыщылажьэм и фIагъым елъытащ зэхыхьэр зэрекIуэкIынур. ДызэщIыгъуэ, дызэдэлажьэмэ, Iуэхур екIу хъунущ, - жиIащ «Мэшыкъуэ» урысейпсо форумым и унафэщI Пальцев Иван.

Семинарым екIуэлIа щIалэгъуалэм къапоплъэ егъэджэныгъэ программэ нэгъэсахэр, мастер-классхэр, зэIущIэхэр, чэнджэщхэр. Зэхыхьэм хэтынухэмрэ хьэщIэхэмрэ драгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр зыхуэдэнур щхьэхуэу семинарым щадж.

Егъэджэныгъэм къищынэмыщIа, «Мэшыкъуэм» екIуэлIахэр хэтынущ щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхухэми: пшыхьхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщIхэми.

- «Мэшыкъуэ» центрым щIэх-щIэхыурэ къыдогъэблагъэ егъэджакIуэ, гъэсакIуэ ныбжьыщIэхэр, студент зэгухьэныгъэхэм хэтхэр. Абы и фIыгъэкIэ ди лэжьыгъэр нэсу зэтеублащ. Шэч къытесхьэркъым Iуэхум хэт дэтхэнэми къыхуэсэбэпын куэд абы къызэрыхихынум, - жиIащ «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрым и генеральнэ унафэщI, «Знание» урысей зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ Сериков Антон.

Нэгъабэ «Мэшыкъуэ» зэхыхьэр илъэсым и Iуэху нэхъыщхьэу къыщалъытащ «Время молодых» зыфIаща лэжьыгъэр къыщапщытэм. Мы гъэм «Мэшыкъуэр» екIуэкIынущ шыщхьэуIум и 9-м щегъэжьауэ и 23 пщIондэ. Абы кърагъэблэгъэнущ егъэджакIуэ, гъэсакIуэ ныбжьыщIэу 2250-рэ. Урысейпсо щIалэгъуалэ зэхыхьэр къызэрагъэпэщ «Росмолодёжь» федеральнэ агентствэмрэ Ставрополь краймрэ Правительствэмрэ.

Зыхуей хуагъазэ

Республикэм и курыт еджапIэхэм щIэгъэхуэбжьауэ гъэ еджэгъуэщIэм зыхуагъэхьэзыр. Мы зэманым абыхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

ЛЭСКЭН районым хыхьэ Анзорей жылэм дэт курыт школ №1-м и лэжьакIуэхэм мы зэманым я къару псори хузэщIагъэуIуащ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу я IуэхущIапIэр къызэрагъэщIэрэщIэжыным. ЕгъэджэныгъэхэР щрагъэкIуэкI класс 15-р сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ ящIыжащ. Лэжьыгъэхэм адэкIи къыпащэ. ЕджапIэм и кIэлындорым, абы и спорт пэшым зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIын хуейщ, апхуэдэуи IуэхущIапIэм и унэ щIыбри зэрахьэнущ, абы къегъэщIылIа щIыналъэри зэIузэпэщ ящIынущ.

Лэжьыгъэхэр бадзэуэгъуэ мазэм и кIэ пщIондэ зэфIагъэкIыну я мурадщ. «Псори зытеухуэжар сабийхэращи, фокIадэм и 1-м ахэр пэш къабзэхэм щIэсу гъэ еджэгъуэщIэм зэрытедгъэхьэным ди къару псори худогъэпс. Я еджэныгъэр тыншу зэрекIуэкIынум теухуауэ щытыкIэхэр къазэрыхузэдгъэпэщыным зэрыхьуэкIэ дыхущIокъу», - жаIэ еджапIэм и унафэщIхэм.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къызыхуахьыну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ: унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 901-рэ кIэпIейкIэ 30-рэ; фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 822-рэ кIэпIейкIэ 95-рэ.

Ди индексыр П 5894.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм мазаем и I-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» къыдигъэкIа Указ №7-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

Мы Указым къару егъуэт къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2025 гъэм накъыгъэм и 25-м
№73-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа Указ №73-УГ-мкIэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ щыIэ советым хэтхэр

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр (Советым и унафэщIщ)

Айбазовэ Т. П. - «Эльбрус» корпоратив университет» коммерцэу щымыт автоном IуэхущIапIэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Атаев Ж. Д. - «IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я офицерхэу запасым щысхэм я зэкъуэувэныгъэхэм я лъэпкъ ассоциацэ (Мегапир)» коммерцэу щымыт зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ представительствэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Атмурзаевэ А. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къалэн зэхэгъэщхьэхукIа куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIалэгъуалэр IэщIагъэхэм хуэунэтIынымкIэ, лэжьапIэ увыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ и къудамэм и унафэщIыр

АфэщIагъуэ А. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Бабыгуей О. Г. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм самбэмкIэ и федерацэ» щIыналъэ физкультурэ-спорт жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Бэдракъ А. С. - Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм (зэрызэгурыIуам тету)

Базиев М. Хъ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и IэщIагъэлI пажэр (зэрызэгурыIуам тету)

Байсиев Т. М. - «Зы лъэбакъуэкIи къимыкIуэтын» ди лъахэгъухэр дэIыгъынымкIэ волонтер зэщIэхъееныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Балъкъэр Къ. Хь. - «Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш хозяйствэ колледж» IэщIагъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэр (зэрызэгурыIуам тету)

Бапанаевэ Ш. Т. - «Шэрэдж муниципальнэ районым и щIалэгъуалэ центр» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм грант зэпеуэхэм ядэлэжьэнымкIэ и IэщIагъэлIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Борисевич Е. С. - «Егъэджэныгъэмрэ зыужьыныгъэмкIэ «Концепт» коммерцэу щымыт автоном IуэхущIапIэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Гаевэ Ж. М. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм щIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм щIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъынымрэ псэуныгъэ жыджэрагъым зегъэужьынымкIэ и IэщIагъэлIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Гелястановэ А. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм волонтерыгъэм (езыхэм яфIэфIу зэгухьэным) зегъэужьынымкIэ и ресурс центр» коммерцэу щымыт автоном IуэхущIапIэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Джэршышэ А. В. - Май муниципальнэ районым» Егъэджэныгъэм и информацэ-методикэ дэщIыгъуныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и центр» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и секторым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Гороховэ Д. А. - «Урысей сабийныбжьыщIэ центр» федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм цIыхухэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным хуэгъэза проектхэр гъэзэщIэнымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэр (зэрызэгурыIуам тету)

Джуртубаев А. Н. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Дзэгъащтэ А. М. - «Кавказ Ищхъэрэм и ВУЗ-хэм я студентхэм я ассоциацэ» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэр (зэрызэгурыIуам тету)

Доминов А. И. - Тэрч дзэ къэзакъ обществэм и Тэрч-Балъкъ окружной къэзакъ обществэм и Налшык къалэ къэзакъ обществэм и атаманыр (зэрызэгурыIуам тету)

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Жылэгъащтэ Хь. А. - Лэскэн муниципальнэ районым щыIэ «Сабийхэм я унэтIакIуэ» проектым и муниципальнэ координаторыр (зэрызэгурыIуам тету)

Инэрокъуэ И. Р. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЗэныбжьэгъугъэмкIэ и къэрал зэхуаку клуб» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр, «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Къардэн А. В. - «ЦIыхубэ Фронт». Псори текIуэныгъэм папщIэ» Псапащiэ фондым и координаторыр (зэрызэгурыIуам тету)

КIэрэф Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэр (зэрызэгурыIуам тету)

Кожухов К. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

КIуэкIуэ Т. А. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Кугъуэт А. Гъу. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр (зэрызэгурыIуам тету)

Кульбаев А. Б. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Къумахуэ Э. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къалэн зэхэгъэщхьэхукIа куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм щIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъынымкIэ еджапIэ, щIалэгъуалэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIыр

Кушбокъуэ Т. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къалэн зэхэгъэщхьэхукIа куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм Iуэхухэр зехьэнымкIэ икIи ар зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэр

Лу А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр

Мэзло З. М. - Дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Маргъущ З. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къалэн зэхэгъэщхьэхукIа куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэр

Мыд М. И. – «Пятигорск къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студенткэр

Нарожнов В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «ДыгъафIэ къалэ» творчествэмкIэ и сабий IуэхущIапIэ» щIэныгъэ гуэдзэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет IуэхущIапIэм и педагогыр

Осипов К. А. - Урыс Православнэ Члисэм и Пятигорск икIи Шэрджэс епархием и Налшык округым и Благочинием и дин лэжьакIуэм (зэрызэгурыIуам тету)

Панферов М. Н. - дзэ Iуэху хэхам хэтыр (зэрызэгурыIуам тету)

Пекъу А. Ю. - урысей альпинисткэр (зэрызэгурыIуам тету)

Роговэ К. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Къалэн зэхэгъэщхьэхукIа куэд зыгъэзащIэ и щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм Iуэхухэр зехьэнымкIэ икIи зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэр

Саралидзе А. Р. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэ» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и хъыбарегъащIэ-методикэ центрым и унафэщIыр, «Юнармия» Урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ, дзэ-хэкупсэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и район къудамэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Секачевэ О. В. - Прохладнэ къалэ округым щыIэ, «Бойченкэ В.Т. и цIэр зезыхьэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №5» муниципальнэ бюджет IуэхущIапIэм физическэ щэнхабзэкIэ щезыгъаджэр (зэрызэгурыIуам тету)

Степанов Э. Ю. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм Кэнжэ къуажэм щиIэ щIыналъэ гъэзэщIакIуэ органым и Iэтащхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Сурковэ Е. В. - Дзэ Iуэху хэхам и волонтерхэм я ассоциацэм и вице-президентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Ульяновэ И. С. - Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ следствие управленэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуэр (зэрызэгурыIуам тету)

Хаджиевэ М. Х. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и аппаратым коммуникацэхэмкIэ и IэщIагъэлIыр (зэрызэгурыIуам тету)

ХьэкIашэ Д. М. - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI пажэр

Чемаев М. Н. – «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Шыбзыхъуэ А. М. - жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь «ДЕЯ» обществэм и унафэщI нэхъыщхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

Шыбзыхъуэ З. М. - граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ «Галактика» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и проектхэм я унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Шыпш А.М. - «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Советым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Щокъуий О. А. - «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэщIэхъееныгъэм и щIыпIэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Бахъсэн районым щыIэм лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и IэщIагъэлIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Щомахуэ Р. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Шормэн А. Т. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Ерыстау И. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ IуэхущIапIэм и студентыр (зэрызэгурыIуам тету)

Этезов А. Р. - «Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зегъэужьынымкIэ Мокаев М.Хь. и цIэр зезыхьэ центру» Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щыIэм щIэныгъэ гуэдзэ егъэгъуэтынымкIэ и муниципальнэ бюджет IуэхущIапIэм и ЩIалэгъуалэ центрым и унафэщIыр (зэрызэгурыIуам тету)

Егъэн А. Р. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэр (зэрызэгурыIуам тету)

● КъБР-м и Правительствэм

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий бадзэуэгъуэм и 4-м иригъэкIуэкIащ Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы къыщаIэтащ Iуэхугъуэ щхьэпэ зыбжанэ

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым жылагъуэ гъащIэр щыгъэбыдэнымрэ абы и шынагъуэншагъэр нэгъэсауэ къызэгъэпэщынымрэ хуэунэтIа Iуэхугъуэхэм я паспорт» къэрал программэр къащтэн Iуэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м ЭкономикэмрэI жылагъуэ гъащIэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ советым и секретарь, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмрэ хабзэр гъэзэщIа хъунымкIэ и управленэм и унафэщI Шевченкэ Юрий.

Республикэм щIымрэ мылъку зэхущытыкIэмкIэ и министр Тэхъу Аслъэн къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Правительствэм 2016 гъэм къыдигъэкIа унафэ№72-ПП-м и проектым къару зэримыIэжым. Ардыдэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылъкур приватизацэ зэрыщIыпхъэ щIыкIэм теухуа 2025 гъэм и Прогноз планым (программэм) зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьам. Къинэмыщlауэ, Тэхъум республикэм и мылъкум щыщу Налшык къалэ округым ейм хагъэхьэнухэм епха унафэхэм я проектхэр хэIущIыIу ищIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу УФ-м олимп спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и гуп къыхэхахэм хэту дунейм, Европэм, Урысейм увыпIэ лъагэ къыщызыхьахэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ иратыну саугъэтхэр зылъысыпхъэхэм ятеухуа унафэм и проектыр утыку кърихьащ спортымкIэ министр Хьэсанэ Ислъам. Къинэмыщlауэ, министрыр тепсэлъыхьащ УФ-м и гуп къыхэхахэм хэту паралимп, сурдолимп спорт къудамэхэм саугъэт къызыпэкIуэ увыпIэ лъагэ къыщызыхьахэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ 2025 гъэм и япэ мазищым хуагъэфэща ахъшэ саугъэтхэр зратыпхъэхэм я проектми.

КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр тепсэлъыхьащ Правительствэм зэхъуэкIыныгъэ зыхэлъхьапхъэу къилъыта акт зыбжанэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и Правительствэм 2016 гъэм накъыгъэм и 16-м къыдигъэкIа унафэ №88-ПП-м хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ» проектым тепсэлъыхьащ ухуэныгъэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Журавлев Андрей. Ардыдэр къэпсэлъащ КъБР-м и бюджетым къыхэкIыу муниципальнэ къулыкъущIапIэхэм иратыну субсидиехэмрэ псэуалъэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным епха Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдэну мылъкур зэрызахэлъхьэнумрэ теухуауэ.

Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр зэпкърахыу къэпсэлъахэщ адрей министрхэри. А псори хуэунэтIат республикэм икIэщIыпIэкIэ щызэфIэхыпхъэхэмрэ цIыхубэ гъащIэр егъэфIэкIуэнымрэ хуэунэтIа Iуэху блэкIхэм.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● Бадзэуэгъуэм и 8-р Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэщ

Лъэпкъ фIыгъуэхэр щахъумэ

Иужьрей лъэхъэнэм нэрылъагъу тщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм я нэхъыщхьэхэм хохьэ къэрал унафэщIхэм унагъуэм, абы къихъуэ щIэблэм, къитэджыкI щIалэгъуалэм гулъытэ хэха, лъагэ ягъуэт зэрыхъуар, анэмрэ сабиймрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ псори мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэу къызэралъытэр. Эксперт цIэрыIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, унагъуэм зегъэужьыным хуэгъэпса а къалэнхэр екIуу зэфIэха хъумэ, гъащIэм, псэуныгъэм я унэтIыныгъэ куэдым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтынущ, сыту жыпIэмэ, унагъуэр къэралым и зы Iыхьэщ, жылагъуэм и быдапIэщ. Аращ цIыхухэм яхэлъ хьэл дахэ куэдым: лъагъуныгъэм, пщIэм, нэмысым, гумащIагъым, пэжыгъэм - къежьапIэ яхуэхъур.

НОБЭ Урысей Федерацэм щаIэт махуэщIри абы и щыхьэтщ. Мы гъэм 18-нэу ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр. УФ-м и Президентым 2008 гъэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ а махуэшхуэр. ИпэжыпIэкIи, сыт хуэдэ лъэхъэнэми дэтхэнэ къэралми и зэIузэпэщагъэр къызэралъытэр абы и унагъуэ къызэрыгуэкIым иIэ псэукIэм и лъагагъымкIэщ, абы исхэр зыхуей-зыхуэфIхэр ягъуэту гъащIэм зэрыхэтыфымкIэщ.

ЖыпIэнурамэ, бын зыпI унагъуэхэм ди къэралым яхуищI гулъытэм илъэс къэс хохъуэ. А унэтIыныгъэм хуолажьэ программэ щхьэхуэхэр, быныр пIыным, псэупIэ унэхэр егъэфIэкIуэным, унагъуэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, нэгъуэщIхэми хуэгъэпсауэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, бын зыгъуэт унагъуэхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэрызащIигъакъуэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ унагъуэр хъума хъун, зэщхьэгъусэхэм яку псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къыдэмыхъуэн папщIэ, сыту жыпIэмэ, «фIыуэ ялъагъур я гъусэмэ, пщыIэм щIэсми арэзыхэр» мащIэ дыдэщ, щIэблэр зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, гъэсэным, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ етыным епха жэуаплыныгъэр иджырей адэ-анэхэм, зэщхьэгъусэхэм нэхъ кууүэ зыхащIэри. Къинэмыщlауэ, а дэIэпыкъуныгъэхэм ирегъэфIакIуэ щIыналъэхэм щыщыIэ демографие щытыкIэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуей унагъуэхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ.

ЦIыху гъащIэм апхуэдиз мыхьэнэ щызиIэ унагъуэм гулъытэшхуи щегъуэт ди хэкум. Махуэшхуэр къэрал псом зэрыщаIэтым и мурад нэхъыщхьэр унагъуэшхуэхэм, бынифI къызыщIэува зэщхьэгъусэхэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу, жылагъуэм щапхъэу къыщахь ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ хэха, гулъытэ яхуэщIынырщ. Илъэс 25-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ апхуэдэу екIуу къызэдэгъуэгурыкIуа зэщхьэгъусэхэм папщIэ къэралым щагъэуващ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ» медалыр. Ар махуэшхуэм ирихьэлIэу ират унагъуэ дахэхэм, щIыхь, фIыщIэ тхылъ хэхахэр, махуэшхуэм и дамыгъэу ягъэува шынэшынэ (ромашка) зыхэлъ удз гъэгъа Iэрами щIыгъужу. ЗэрыжаIэмкIэ, а удз гъагъэ хужь цIыкIур куэдым фIыуэ ялъагъу, къабзагъэмрэ гуапагъэмрэ я нэщэнэуи къалъытэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зиIэ унагъуэхэм социальнэу ядэIэпыкъуным хуэгъэпса программэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ, къапщтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ IуэхутхьэбзэхэмI щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэхэм пщIэншэу бынхэр зэрыщагъэIэфыр, СВО-м зи адэхэр хэт ныбжьыщIэхэри абы хэту.

Унагъуэм и илъэсыр нэгъабэ республикэм Iэтауэ къыщызэIуахауэ щытащ. Гъэр иухами, мы зэманми ди щIыналъэм щокIуэкI а Iуэхум хуэгъэпса гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр, псапащIэ Iуэхухэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэхэщ «Илъэсым и унагъуэ», «Унагъуэр лъэпкъ хабзэхэм я хъумакIуэщ» урысейпсо зэпеуэхэр, «Си унагъуэ» сурэт зэхьэзэхуэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри. Абыхэм хэтщ икIи ехъулIэныгъэфIхэр къыщахь Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ дахэ куэд. Унагъуэшхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпсауэ КъБР-м щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящыщщ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмI хуэкIуэ ахъшэхэр абыхэм зэрыщхьэщатыкIыр.

А псомкIи нэрылъагъу мэхъу ди къэралым и Президентым къыхилъхьа жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэм, псом япэрауэ, бын зыпI унагъуэхэм, дэIэпыкъуныгъэшхуэ зэрагъуэтыр. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэ хъу зэпытщ, цIыхухэм я псэуныгъэм и фIагъми хагъахъуэ. УФ-м Президент Путин Владимир иджыблагъэ екIуэкIа «ЗэманыщIэм хуэгъэпса гупсысэ лъэщхэр» урысейпсо зэхуэсым и утыкум иджыри зэ къыщытеувыIащ унагъуэм жылагъуэм щиIэ мыхьэнэр зэрыиным. Абы зэрыжиIамкIэ, нэхъыжьыIуэхэри нэхъыщIэхэри зыщIэс унагъуэшхуэхэм адэкIи зыщегъэужьыжын хуейщ къэралым. Апхуэдэущ къыддекIуэкI хабзэхэр, лъэпкъ фIыгъуэхэр, лъапIэныгъэхэр зэрыпхуэхъумэнур. Абы къыхэкIыуи къэрал унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащIынущ унагъуэхэм зауэжьыным, ахэр быдэ хъуным, зэпэщу псэуным.

Къинэмыщlауэ, жылагъуэм зыщызыубгъуу хуежьа нобэрей махуэшхуэм ирырагъэхьэлIэурэ, зэгуэкIуа пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ ящыщ куэдым я хьэгъуэлIыгъуэр бадзэуэгъуэм и 8-м трагъахуэ, махуэшхуэм къежьапIэ хуэхъуауэ къалъытэ щихъхэу Февроние пщащэмрэ Пётр пщымрэ зэрыщытам хуэдэу фIыуэ зэрылъагъуу, зэрылъытэу, зэхуэпэжу, насыпыфIэу зэдэпсэуныр я хъуэпсапIэу.

Нобэрей махуэшхуэмкIэ псоми дынывохъуэхъу. Фи унагъуэхэм илъ лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыIуэныгъэмрэ гуапагъэмрэ хэхъуэ зэпыту, щIэблэ узыншэ къыфщIэхъуэу, фынасыпыфIэу, мурад дахэу фиIэхэр къывэхъулIэу фыпсэуну ди гуапэщ. Ди адыгэ унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэри ирехъу лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI лъапIэныгъэхэр, фIыгъуэхэр, дуней псом фIыкIэ дызэрыхэIуа хабзэмрэ нэмысымрэ пщIэ щыхуащI, щахъумэ хэщIапIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ТекIуэныгъэм папщIэ

УФ-м и Президент Путин Владимир хэтащ ЦIыхубэ фронтым «Псори ТекIуэныгъэм папщIэ» фIэщыгъэм щIэту иригъэкIуэкI форумым.

РИА хъыбарегъащIэ агентствэм къызэритымкIэ, къэралым и УнафэщIым зэIущIэм щыжиIащ нобэ Урысейр зэрыщыту зыуэ зэкъуэт цIыхубэ фронту зэрызэхэтыр, къэкIуэнум Хэкум и мамырыгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыныр ди щIалэхэр зыщIэзэу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

«Фи жэрдэмхэр, къарур, махуэкъэс лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытын хуейщ цIыху мелуанхэм текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащIынымкIэ Iэмал етыным, - къыхигъэщащ Путин Владимир. – Къэралым и шынагъуэншагъэм, абы щыIэну зэпIэзэрыт псэукIэм дэтхэнэми ди зэфIэкI етхьэлIэн хуейщ. Аращ псори дыщIэлажьэр. Аращ ди щIалэхэм Iэщэр яIыгъыу фронтым щIыIутыр. Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм Урысейм щыпсэу цIыху псори гукIи псэкIи ящIыгъущ. Дызэкъуэтмэ, ди захуагъэр ди щхьэщыжакIуэ къару лъэщу дыщытынущ».

Бадзэуэгъуэм и 8, *гъубж*

♦**Аллергие узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ**
♦**1944 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» къащтащ.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 9, *бэрэжьей*

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къубатий.
♦**1931 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI Iэзэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Хьэжу Руслан**.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къалэн зыщыпщIыжыр къалэн пхуохъу.

● ЗэIущIэхэр

«БлэкIам пIалъэ иIэкъым»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм щекIуэкIащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди щIыналъэм къыщихьам хьэкIэкхъуэкIагъэу зэрахьар зыхуэдэм теухуауэ. Ар къызэзыгъэпэщар Къэбэрдей-Балъкъэрым «БлэкIам пIалъэ иIэкъым» и жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Романовскэ Аннэщ.

ХЭКУ зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур и тегъэщIапIэу, мы гъэр иухыхукIэ ирагъэкIуэкIыну траухуа зэIущIэхэм ящыщт мыри. Абы зыкърагъэхьэлIат КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр, къэралым и Архив хъумапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм дэфтэрхэр къэгъэсэбэпынымрэ Iэмалхэм лъыхъуэнымкIэ и IэнатIэм и унафэщI Больжат Наталье, КъБР-м и Прокуратурэм федеральнэ шынагъуэншагъэмкIэ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтынымкIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщI Малкандуев Мухътар, республикэм и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ къэрал архив хъумапIэм и унафэщI Пщыбий Андзор сымэ, нэгъуэщIхэри.

- Дунеижьыр къызэриухуэрэ зауэзэрылIу мащIэ екIуэкIакъым. Ди щIыгу дахэм тепщэ зыхуащIын я мураду, хамэ къэралыгъуэхэр ноби къытхуодзэлашхэ ди Хэкур зыIэрагъэхьэну. Ауэ нэхъ гугъу дыдэу екIуэкIа ЕтIуанэ дунейпсо зауэм текIуэныгъэр къыщипхьын жыхуэпIэр къызэрыгуэкI Iуэху цIыкIутэкъым. Хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ щIапIыкIа ди совет цIыху къызэрыгуэкIхэр къамылэнджэжу пэщIэтащ ди ТекIуэныгъэкIэ иуха зауэ гущIэгъуншэм. Ди щIыгум и хъугъуэфIыгъуэхэр зыIэрызыгъэхьэну къежьа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм лъапсэрыхыр къыхуагъэкIуащ ди цIыху гуащIафIэхэм. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зауэзэрылIым цIыху мелуан бжыгъэхэм я гъащIэр ихьащ. Дэ ар зэи зыщыдгъэгъупщэ мыхъун Iуэхущ, щIэблэми едгъэщIапхъэщ, - жиIащ Бозий Аскэр.

Накуэ Феликс къыщыпсалъэм къыхигъэщащ блэкIам и щыпкъапIэр зэхэгъэкIыным, тхыдэр зэблэзыхъухэм япэщIэтыным хуэгъэзауэ музейхэр, дэфтэр хъумапIэхэр, фэеплъхэр пхуэмыIуэтэщIын хуэдиз «быдапIэу» зэрыщытыр.

- Зауэ гуащIэм зи гъащIэр ихьахэр мащIэкъым. Дэ ар зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, щIалэгъуалэри абы щыдгъэгъуэзапхъэщ. Апхуэдизу екIуэкIа зауэ хьэлъэм псэемыблэжу хэта ди нэхъыжьыфIхэм я пщIэр Iэтыныр, ахэр гъэлъэпIэныр дэтхэнэ зыми ди къалэн нэхъыщхьэщ. КъыжыIапхъэщ тхыдэр зэблэзыхъухэм япэщIэтынымрэ ди блэкIам и фэеплъ нэхур хъумэнымкIэ музей зэгухьэныгъэм, лъыхъуакIуэхэм къагъуэтыжахэр я тегъэщIапIэу, ягъэзащIэ лэжьыгъэм хуэдгъэдэн зэрыщымыIэри. Псалъэм папщIэ, ди музеймрэ абы и къудамэу республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэмрэ, тхыдэм и адрей напэкIуэцIхэм къадэкIуэу, Хэку зауэшхуэм ехьэлIауэ щызэхуахьэсыжахэм гъуни-нэзи иIэкъым. Ахэр сыт жытIэмэ, Хэкур тхуэзыхъума ди зауэлIхэм къыздрахьэкIа сурэтхэу, жьы хъуа хьэпшыпхэу, Iэщэ-фащэм я пкъыгъуэ гуэрхэу ди республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къыщагъуэтыжахэрщ. Мис зэрыфлъагъущи, мы пэшым щызэхуэхьэсауэ щызыдохьэ, хьэщIэ къытхуэкIуэхэм ядогъэлъагъу. 1941 гъэм фашистхэм къыдащIылIа зауэ гуащIэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманми йокIуэкIыр. Ауэ догугъэ ди насып текIуэну. «Псэм ипэ напэ», жыхуиIэ псалъэжьым тетащ ди нэхъыжьыфIу фIыр зи Iэужьхэр. Абы хуэфащэу дэри дыщытыпхъэщ, - жиIащ Накуэ Феликс.

А зэман хьэлъэм ди щIыналъэм щытрахауэ къагъуэтыжауэ щыта кино кIэщIхэр, сурэтхэр Накуэ Феликс игъэхьэзыра видео IэмалхэмкIэ игъэлъэгъуащ.

АдэкIэ къэпсэлъащ Пщыбий Андзор.

- Архивым лэжьэн щыщIэздза илъэсхэм щегъэжьауэ куэду седжащ ди лъэужьыр зыгъэгъущыну Хэкум къизэрыхьа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа зауэм и Iэужьхэм теухуа тхыгъэхэм. Гукъутэу цIыху мащIэ ягъэкIуэдакъым а хьэкIэкхъуэкIэхэм. Абы теухуауэ къагъуэтыжа дэфтэрхэм ущеджэм и деж, сыгъащэрэт жыбоIэ, икIи уи нэпсыр къызэпимыжыхьыу уеджэфыркъым. Ди щIыгум псы изыгъэжыхьыжу зэзыпхъуэну хэтахэм Тхылъ хъумапIэ дапхуэдиз зэтрагъэсха гущIэгъуншэу. Абыхэм лейуэ зэрахьар зыхуэдизым щIэблэр щыдгъэгъуэзапхъэщ. Зауэм теухуауэ ди тхакIуэ нэхъыфIхэм IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу школхэм щедгъэджыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэр къыздэсым къамыхута куэди щыIэщ,- жиIащ Пщыбийм.

Нобэр къыздэсым лъыхъуакIуэхэм къагъуэтыж хьэдэкъупщхьэхэр, зауэм епха хьэпшыпхэр. Хэку зауэшхуэм ижь зыщIихуа нэхъыжьыфIхэм я гукъэкIыжхэмрэ ар зэрекIуэкIам теухуауэ къыкъуэкIыж дэфтэрхэм -рэ мыхьэншэхуэ яIэщ. А зы хэкIыпIэщ нэгъуэщI къэралхэм щыщу тхыдэм и пэжыпIэр зэблэзыхъуну хущIэкъухэм иужьрей зэманым зэхаубла Iуэхугъуэ мыфэмыфцхэм япэщIэтынымкIи ди адэжьхэм я блэкIам щIэблэм пщIэ хуегъэщIынымкIи.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● ТекIуэныгъэ-80

Чэрим дадэ и гукъэкIыжхэр

Журналист къалэну зыхуэзгъэувыжат Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ а лъэхъэнэр зи нэгу щIэкIахэмрэ я хъыбар зэхуэсхьэсыжыныр. Ауэ куэди сIэщэкIащ сыхунэмысурэ. ИтIанэми, ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрихьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу къэсIэтыжын, зэлэжьыжыпхъэ сиIэу къыщIэкIащ. Япэрауэ, Къудейхэ Чэрим дадэ и гукъэкIыжхэр.

СЭ Къудейхэ ящыщ сызэрыхъуар аркъудейкъым абы и щхьэусыгъуэр: япэрауэ, зауэм хэта Мышэ срипхъущ, етIуанэрауэ, Курп лъагапIэхэм я куэщI ис къуажэм сыкъыщыхъуащ.

Чэрим дадэ псэужкъым, мы хъыбарыр езым и макъкIэ жиIэжауэ, кассетэм тету схъумащ. Абы фIыуэ ищIэжырт Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьыгъэ зэманри, къэралыр щIэрыщIэу щызэфIагъэувэжа илъэсхэри, къулыкъушхуэ щыпэрытам республикэм и зыужьыныгъэм зэрыщIэбэнари, цIыхубэм яхэлъа жыджэрагъри, псэемыблэж лэжьакIуэшхуэхэри. Мис абыхэм дыщыгъуэзэнщ жьакIэху дадэм къысхуиIуэтэжауэ щытамкIэ.

Ди къэралым Германием и фашистыдзэр къыщытеуа илъэсхэм ящыщу нэхъ хьэлъэ дыдэу щытар 1942 гъэрщ. Кавказым ди дежкIи а зэманыр шынагъуэт: бийр Дон къызэпрыкIат, ди армэр къыхигъащIэри. Бадзэуэгъуэм и япэ махуэхэм партым и обкомым унафэ къищтащ партизан зэщIэхъееныгъэм теухуауэ. Сэри си пщэ къыдалъхьат комиссар къалэныр. Япэ секретарь Къумыхъу Зубер зэрыжиIамкIэ, район къэс отряд яIэн хуейт цIыху 50-м щегъэжьауэ 100-м нэс хэту. Iуэхур гузэвэгъуэт, итIани зэман кIэщIым ди отряди 10-р хьэзыр хъуащ. Гундэлэн щегъэжьауэ Мэздэгу нэс ди лъахэр бийм иубыдат, итIани Бахъсэныпсыр гъунапкъэ гугъу тхуэхъуат. И сэмэгурабгъум - гитлерыдзэр, ижьырабгъум ди армэр щиувыкIри, зэзэуащ: ди 37-нэ армэр, Куржым, Азербайджаным, МВД-м я дивизэ зырыз. А гупым ди къуршыпс уэрым деж къыщагъэувыIащ Ростов деж къыщежьэу, Бахъсэн къэсахэр. Ар 1942 гъэм и гъэмэхуэ, бжыхьэ мазэхэр арти, ди партизан отрядхэр ядэIэпыкъуащ щIыпIэр зымыцIыху ди армэм. Бийм Iэщэ гъэтIылъыпIэ щищIри, нэмыцэр щынэхъыбэри, я техникэр зыхуэдэри, абы здаунэтIри псынщIэу яIэрыдгъэхьэрт ди дзэзешэхэм. Нэмыцэр къыщысым абы япэ дыдэу ди щIым щыпэщIэувар МВД-м и 11-нэ дивизэрщ, 1200-рэ къудейт ар зэрыхъужыр дивизэ жаIэ щхьэкIи, и бжыгъэр мини 10-м нэсын хуейт. Бахъсэн районым и япэ секретарь Архагъым сэрэ дыкIуэри дахуэзащ ар щыувынумкIэ дызэгурыIуэну. ЯпэщIыкIэ Къулькъужын щыдгъэувын ди гугъащ, арщхьэкIэ я къару мащIэмкIэ ар хъунутэкъыми, Бахъсэныпсым деж щиувыкIащ икIи бийр къагъэувыIащ. Куржым къикI фочауэ дивизэри къэсри, ди къарум къыхэхъуащ.

1942 гъэм и щIымахуэр щIыIэт, дыгъэгъазэр уает, иджырейм зыкIи емыщхьу. ЩIылъэ зэщIэщтыхьам нэхъ игъэшынэр ди лъахэм къизэрыгуа нэмыцэхэрат: уэс гущIыIум къытещ къуаргъ лъэужь нэгъунэ партизаным и лъэмбу къащыхъуу.

Нэмыцэхэм псори яIэщIыхьауэ ягъэIуу унафэхэр къыдагъэкI щхьэкIэ, СталинградкIэ къиIукI хъыбархэм я лъэр щIихыу, я дзэм щыщ мыбы ирашыжрэ а лъэныкъуэмкIэ ягъэIэпхъуэу, абы щытыкIэр нэсат. Партизанхэм къыхуагъэува парт унафэр ягъэзэщIащ: бийм хэщIыныгъэ иратат я зауэлIкIи, я IэщэкIи, я техникэкIи. Армэ сэлэтхэм драгъусэу, дыгъэгъазэм и 4-м партизанхэр дебгъэрыкIуащ Лэскэн Езанэм деж щитIысыкIа бийм. ЕкIуэкIа зэхэуэ гуащIэм къыщыхэжаныкIат Начо Бабий, Къардэн Елдар, Аппаев Хъэмбий, Нартокъуэ Мухьэмэд, Фоменкэ Иван, КIуащ Мухьэдин, Черкесов Маштай, Беслъэней Сурэт, Жанкъазий Софият, Махуэ Дадушэ сымэ. УIэгъэ хьэлъэ къащIа Кхъуэlуфэ ФIыцIэ и иужьрей псалъэр: «Ныбжьэгъухэ, фашистхэр хэвгъащIэ!» - жыхуиIар фэеплъ къыхуеджэныгъэ хъуат а дыгъэгъазэ мазэм.

ЩэкIуэгъуэм и 7-м и щIыхькIэ Сталиным ищIа докладым щыгъуазэ дащIри, партизанхэми абы и псалъэм гушхуэныгъэ къытхилъхьат, дыпэщIэтыфынущ бийм, жытIэри. Куэд дэмыкIыуи къэсащ а Сталиным дыщIигъэгушхуа хъыбарыр: Сталинград ебгъэрыкIуэхэр къызэтракъутэу щIадзащ. МыбыкIэ щыIэри абы игъэшынауэ зызэщIакъуэж хъуащ. Ди дзэми унафэ къыхуащIащ партизанхэр и гъусэу бийр етхужьэжыну. Арати, дгъэзэщIащ а унафэри, щIышылэм и 4-м Налшык дыкъыдыхьэжащ, Долинск лъэныкъуэкIэ зы гупу, Вольнэ АулкIэ зыуэ. ГуфIэгъуэ ину ар псоми зэдаIэтащ, 2-нэ гвардие дивизэми, 295-нэми заукъуэдияуэ ебгъэрыкIуэри, щIышылэм и 11-м бийм къибгынащ ди щIыналъэр.

Ныбжьэгъушхуэ къысхуэхъуауэ щыта генерал-майор Захаровым сэрэ сэлам зэтхыжри, ар адэкIэ кIуащ. Ди цIыхубэр щIэгуфIэн къалэн зэрыдгъэзэщIар зэхуишэсахэм яжриIащ япэ секретарь Къумыхъу Зубер икIи куэдым дамыгъэ лъапIэхэр зэрыхуагъэфэщамкIи хъыбар яригъэщIащ. АдэкIи, къалэнышхуэхэр къытпэщытт: тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу колхозу щыIауэ хъуар зэхуэтшэсыжащ. Къуажэдэсыр псэемыблэжу лажьэрт, армэм дэIэпыкъун хуейщ фашистхэр къэралым идгъэкъэбзыкIын папщIэ жаIэу. Си нэгу щIэкIащ цIыхубзхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я фэм дэкIар, Хэкум зэрыдэIэпыкъуар. Ар я щIапхъэщ дяпэкIэ псэунухэм».

Генерал-майор Захаров Фёдор иужькIэ тхылъу къыдигъэкIыжащ Кавказыр зэрахъумамрэ хуит къызэращIыжамрэ, ди партизанхэм а текIуэныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэр къыхэщу. Абыхэм я комиссар Къудей Чэрим дилъэгъуа бэшэчагъри, Iэзагъри къиIуэтэжу. Аркъудей мыхъуу, саугъэт тхылъым Iэрытхыу тритхащ: «Си ныбжьэгъу пажэ, зэуапIэми пэжу щызиIа». Езы дзэзешэм и пщIэри щахъумащ Дзэ щIыхьым и цIэ лъапIэр зезыхьэ ди къалэм: Налшык и зы уэрамым зэрехьэ Захаровым и цIэр. И сурэтышхуи мы махуэхэм щагъэуващ Къэбэрдей уэрамым и гъэлъэгъуапIэхэм деж. Илъэсхэр блэкIами, Къудейр ныбжьэгъу пэжу къыхущIэкIыжащ Захаровым: генерал-майорыр дунейм щехыжам ар Одессэ кIуэри и кхъаблэм щIэуващ, зауэлI хахуэм и хъыбар къалэдэсхэм яхуиIуэтэжащ.

КЪУДЕЙ Лидэ.

УнафэщI гумызагъэ

ЦIыхум лэжьыгъэм щиIэ зэфIэкIыр къызэралъытэ мардэхэм, абы и ехъулIэныгъэхэм я пщалъэ нэхъыщхьэу ягъэувхэм ящыщщ къэралым къыбгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр, щIыхьыцIэ, дамыгъэ лъапIэхэр. Абыхэмкlэ зыбжанэрэ ягъэпэжащ Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Дол Маринэ. Иджыблагъи апхуэдэ гулъытэ лъагэ къыхуащIащ бзылъхугъэм. Зыпэрыт Iуэхум къыщигъэлъагъуэ Iэзагъэм, илъэс куэд лъандэрэ и лэжьыгъэр иригъэфIакIуэу, жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу и пщэрылъыр зэригъэзащIэм папщIэ Долым къыхуагъэфэщащ «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и отличник» бгъэхэIу дамыгъэр.

ЗИ Iэщlагъэр фIыуэ зылъагъу цIыхур сытым дежи хущIэкъунущ и лэжьыгъэм зэрызригъэужьынум. Ар щынэрылъагъущ Маринэ дежи. А бзылъхугъэм и Iэщlагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм и къежьапIэр къызыхэкIа унагъуэрщ. Курыт школ нэужьым ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм. Апхуэдэ щIыкIэкIи пщащэр ирикIуащ адэ-анэм, Балъкъэрхэ Антонрэ Цоцэрэ, я лъагъуэм: ахэр тIури медицинэм и лэжьакIуэт. И адэр «Чайка» санаторэм и рентген IэнатIэм щылажьэрт, и анэр «Грязелечебница» Iуэхущlапlэм и бальнеофизиотерапевтическэ къудамэм щыIэт. Я пщIэр лъагэу, зыхэт гупым къыщалъытэу апхуэдэт ахэр. И нэхъыжьхэм Iэщlагъэ яхуэхъуам хуаIэ бгъэдыхьэкIэр зи нэгу щIэту къэхъуа Маринэ абыхэм я щапхъэр и гъуазэу зыпэрыхьэ сыт хуэдэ IэнатIэри нэгъэсауэ ирихьэкIыу къогъуэгурыкIуэ.

КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къиуха нэужь, абы «Терек» санаторэм неврологыу лэжьэн щыщIидзащ. ИужькIэ илъэси 10-кIэ къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м щылэжьащ. Дохутыр Iэщlагъэм къыдэкIуэу, абы фIы дыдэу хэзэгъауэ ирихьэкIащ а сымаджэщым и профкомым и тхьэмадэ къулыкъури. 2003 гъэм щегъэжьауэ 2011 гъэ пщIондэ Дол Маринэ лэжьащ «Капитал медицинское страхование» ЗАО-м и унафэщIым и къуэдзэу. Илъэс 14 хъуауэ ар мы Iуэхущlапlэм и дохутыр нэхъыщхьэщ.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, поликлиникэм нэгъуэщI Iуэхущlапlэхэри къыхагъэхьэжащ, апхуэдэ щыкIэкIи ягъэзащIэ лэжьыгъэми яхь жэуаплыныгъэми къыхэхъуащ. ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет поликлиникэм иджы иIэщ къудамищ. Зыр Мечиевым и уэрамым тетщ, адрейхэр Хьэсэней, Кэнжэ къуажэхэм дэтщ.

Зи унафэщI поликлиникэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуауэ екIуэкIыным гулъытэ хуищI зэпытщ Маринэ, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэщIэным хуэунэтIауэ IэнатIэм щIэуэ къыхыхьэхэр я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпыным хущIокъу. Iуэхущlапlэм цIыху мин 56-м медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт. IэщIагъэлI нэсхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщащ. «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хэту поликлиникэм зыхуеину Iэмэпсымэхэр къыIэрыхьащ. Iуэхущlапlэр иджырей мардэхэм тету къагъэщIэрэщIэжащ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу абы зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэм и полисхэмкIэ цIыхухэм пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэт, сымаджэхэм я Iуэхухэр нэхъ псынщIэу икIи тыншу зэрызэфIэкIынум теухуауэ я лэжьыгъэр убзыхуащ. Поликлиникэм къыщыпхуащIэну Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм, абы щекIуэкI лэжьыгъэм ухэзыгъэгъуазэ хъыбар кIэщIхэр къыщыпщIэфынущ Iуэхущlапlэм и пэIущIэ пэшым. Апхуэдэу IэнатIэм электрон Iэмалхэр къыщагъэсэбэп, абы и фIыгъэкIэ цIыхухэр чэзум хэмыту, здэкIуэну дохутырым и деж регистратурэм зыщрагъэтх. Къищынэмыщlауэ, поликлиникэм хэту мэлажьэ пIалъэ къызыхэкI мыхъуну медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щрат Iуэхущlапlэ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр унэм щыхуащIэнущ уз гъэтIылъа зиIэу дохутырхэр зыкъом щIауэ зыкIэлъыплъхэми асыхьэтым къытехуауэ узым хигъэзыхьхэми. Абы папщIэ поликлиникэм сымаджэхэр щатх и къудамэм упсэлъэн хуейуэ аращ. Къищынэмыщlауэ, поликлиникэм хэтщ махуэрылажьэ сымаджэщ, гъуэлъыпIэ 64-рэ щIэту.

- Сэ сызэреплъымкIэ, дохутыр Iэщlагъэр псом нэхърэ нэхъ гугъущ, - жеIэ Дол Маринэ. - ЦIыху гъащIэр зи IэмыщIэ илъым ихь жэуаплыныгъэр кууэ зыхищIэу, и зэфIэкIрэ и щIэныгъэрэ къигъэсэбэпу жэщ-махуэ имыIэу сымаджэм зэрыдэIэпыкъуным хущIэкъуу щытыпхъэщ. Тыншкъым ар, ауэ а Iэщlагъэр къыщыхэпхакIэ абы къыдэкIуэ гугъуехьми ухуэхьэзырын хуейщ. Уигури уи псэри етауэ бгъэзащIэ лэжьыгъэрщ ехъулIэныгъэ къыпхуэзыхьынур. Ди къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм фIагъышхуэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнырщ, ар тхузэфIэкIын папщIэ зэрызыдужьыным, ди Iэзагъэм зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIэкъупхъэщи, а Iуэхуми сытым дежи гулъытэ худощI. Мыхьэнэшхуэ идот ди цIыхухэм гъащIэ узыншэ ирахьэкIыну къыхуеджэнми. Абы и лъэныкъуэкIи щIэх-щIэхыурэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр идогъэкIуэкI. ЕхъулIэныгъэ дыщиIэнур гупыр зэкъуэту зы Iуэхум дытелажьэмэщ. Абы ипкъ иткIи поликлиникэм и лэжьыгъэр адэкIи зэредгъэфIэкIуэным зэрыгупу ди къару идохьэлIэ.

Зэрынэрылъагъущи, и гуащIэ емыблэжу и лэжьыгъэм пэрытщ Маринэ. И нэIэм щIэт Iуэхущlапlэм щекIуэкI псоми щыгъуазэщ а бзылъхугъэр: и лэжьакIуэхэми сымаджэхэми гулъытэ яхуищIу, унэтIыныгъэм щIэуэ къыхыхьэ псори IэнатIэм къызэрыщигъэсэбэпыным, ар зыужьыныгъэщIэхэм зэрыхуишэным хущIэкъуу и къалэныр ирехьэкI. ЖыпIэнурамэ, унафэщI гумызагъэщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэрщ къызыпэкIуар Долым къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэ лъапIэр.

Узыншагъэ быдэ иIэу, и лэжьыгъэм хьер къыпэкIуэу, и зэфIэкIым хэхъуэу, ехъулIэныгъэщIэхэр иIэу, зыхэт гупым, жылагъуэм я деж и пщIэр щылъагэу илъэс куэдкIэ и IэнатIэм пэрытыну ди гуапэщ!

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ЦIыху щыпкъэ, IэщIагъэлI нэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэу дэт мэкъумэш-промышленнэ колледжым и унафэщI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, хэкупсэ нэс Сэхъурокъуэ Анатолэ Хьэзрит и къуэм и ныбжьыр илъэс 65 ирикъуащ. И махуэ лъапIэм ирихьэлIэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ:

- Уи балигъ гъащIэм и къежьапIэм дыхэбгъэгъуэзамэ ди гуапэ хъунт.

- Курыт еджапIэр 1977 гъэм къэзухащ. А гъэ дыдэм сыщIэтIысхьащ ди университетым и мэкъумэш факультетым. Къуажэм куэд щIауэ дыдэсщ, лъабжьэ щыдиIэщ, ди адэшхуэхэр мэкъумэшыщIэу щытащ. Ди адэр зоотехникыу куэдрэ лэжьащ. Аращи, ди лъым хэтщ а Iуэхур. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщызухым, аспирантурэ Iуэхуи зесхуэну сигу илъакъым, ауэ, ар хьэлэмэту хъуащ. А лъэхъэнэм мэкъумэш институтыр, иджы университет хъужар, къызэIуахырти, абы и унафэщIу ягъэувар ФиIэпщэ Борисщ. Аращ сызыщеджа мэкъумэш факультетым а зэманым и декану щытари. Курсым щIэса цIыху 50-м щыщу аспирантурэм ягъэкIуэну нэхъ къикIыр си ныбжьэгъу Къущхьэ Хьэсэнрэ сэрэт. Ректорым дыкъиIыхурт, дригъэджати, етхуанэ курсыр къыщыдухым щIалитIыр дызыбгъэдишащ. «Аспирантурэм зы цIыху тхущIэгъэтIысхьэну аращи, тIури фыкIуэу, экзаменхэр нэхъыфIу зытыр абы къыщынэу, мыдрейр къэкIуэжын хуейщ», - къыджиIащ. Абдежым дызэплъыжри, нэгъуэщI къыхэдмыгъэкIыу, «хъунщ» жытIэри дыкъыщIэкIыжащ. Сэ сызэгупсысрат: «Мы щIалэм и Iуэху нэхъ хуокIуэ, и адэри, и анэри псэущ, я унагъуэкIи хуэщIащ, кIуэми хъунущ, сэ сыщалъхуа къуажэм згъэзэжынщи, и закъуэу къэна ди анэм сыбгъэдэсынщ». АрщхьэкIэ, дыкъыщIэкIыжа иужь, а си ныбжьэгъум мыпхуэдэу жиIащ: «Уэращ аспирантурэр нэхъ зыхуэфащэр. ТIури абы дыкIуэу, абдежым дыщызэпеуэ нэхърэ, уи закъуэ кIуэи зэфIэкIащ. СощIэ экзаменхэри зэрыпхуэтынур».

- Анатолэ, аспирантурэм уздыщIэсым узэлэжьыну сытыт къыхэпхар?

- Абдежым дызэрыщыхагъади щыIакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дезыгъаджэхэм зытращIыхьар ищхьэкIэ къикIыу къахуэкIуа унафэрат, ди республикэм къыщыунэхуа институтыщIэр нэхъ зыхуеину унэтIыныгъэхэм ящыщу къалъыта «мелиорацэрэ псы зыгъуэт щIы елэжьыкIэрэ» жыхуиIэм дыхуагъэхьэзырынырт. А лъэныкъуэм нэхъ хуэгъэпсауэ ди къэралым, СССР-у щытам, аспирантурэ зыхэт институту итахэр а зэманым здэщыIар Москва, Херсон, Ташкент къалэхэрат. «Хэди, узыхуейм удгъэкIуэнущ» щыжаIэм, Ташкент нэхъ къыхэсхати, абы илъэси 3,5-кIэ сыщеджащ.

Си япэ диссертацэр 1986 гъэм, си ныбжьыр илъэс 26-рэ ирикъуа къудейуэ, абдежым щыпхызгъэкIщ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыщысфIащри, ди институтым къэзгъэзэжащ икIи сыщылэжьащ, япэщIыкIэ ассистенту, итIанэ егъэджакIуэ нэхъыжьу, къыкIэлъыкIуэу доцент IэнатIэри къыщысхуагъэфэщат. ИужькIэ, 1995 гъэм, мелиорацэмкIэ кафедрэм и унафэщIу сагъэуващ. Ауэрэ, а къалэныр здесхьэкIым, Санкт-Петербург сагъэкIуащ. ИкIи, Калининым и цIэр зэрихьэу а лъэхъэнэм абы дэта Политехникэ институтым, иджы университет хъужам, 1998 гъэм си доктор диссертацэр щыпхызгъэкIащ. Налшык сыкъэкIуэжарэ сыщылэжьа институтми сыувыжауэ здекIуэкIым, илъэситI нэхъ дэмыкIыу, 2000 гъэм и мэкъуауэгъуэм, Старэ Шэрэдж къуажэм Хьэмдэхъу Башир и цIэр зэрихьэу дэт мэкъумэш-промышленнэ еджапIэм, иужькIэ колледж хъужам, и унафэщIу сагъэуващ. Абы лъандэрэ а IэнатIэр зызохьэ.

- Институтым ущыщыIам нэхъ IэфIу, уи гур хэзыгъахъуэу, къару къыпхэзылъхьэу сыт нэхъ уигу къинэжар?

- Мэкъумэш институтыр къэмыунэху щIыкIэ сезыгъэджахэу, иужьым сызыдэлэжьэжа щIэныгъэлIхэм, жыпIэнур арамэ, а зэманым Совет Союз псом къыщацIыхуу щытахэм, я гугъу тщIымэ, сыт и уасэт адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуа, КъБКъУ-м и ректору илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, иужькIэ зи гугъу тщIы институтым къэкIыгъэхэмрэ гъавэ щIапIэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу къекIуэкIа КIэрэф Къамболэт уригъэджэныр, иужькIи удэлэжьэжын жыхуэпIэр! ХьэщIэлI Руслан, Къумахуэ Владимир, Хьэмыкъуэ Владимир, Мэремыкъуэ Арсен сыми я цIэхэр къыхэдгъэщамэ си гуапэт. Дауи, фIыкIэ сигу къинауэ къыжысIэнухэм ящыщщ жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щыта, мэкъумэш академием и ректор IэнатIэм, игури и щхьэри етауэ пэрыта Жэрыкъуэ Борис и цIэри. Абырэ дэрэ КъБКъУ-м дыщызэдеджат, иужьым а институтми дыщызэдэлэжьат.

● ДифI догъэлъапIэ

- Узипашэ колледжым уи гур нэхъ щызыгъэтыншу къэплъытэхэм я гугъу къытхуэщIыт, Анатолэ.

- «Узыхэтам апхуэдиз зэфIэкI щыуиIэу, щIэныгъэхэм я доктор ущыхъуауэ, ущалъхуа жылэжьым сытым щхьэкIэ къэбгъэзэжат?» - къызжезыIа къахэкIащ си ныбжьэгъухэм, ауэ, итIани, апхуэдэу зэрысщIам сэ зэи сыхущIегъуэжакъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сызыхэхуар гуп узыншэт. Абыхэм ящыщу процент 70-р езы Старэ Шэрэдж щыщт, ди унагъуэр къэзымыцIыху щIагъуэ яхэмыту. Щылажьэхэм я гугъу тщIымэ, щIалэгъуалэр езыгъаджэхэм зи ныбжь хэкIуэтахэри куэду яхэтщ, уеблэмэ зи ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхыху лэжьаи диIэщ.

- ЕгъэджакIуэхэм ящыщу хэт сымэ я цIэ къипIуэнт?

- Ди еджапIэм 1965 гъэм къыщыщIэдзауэ 1989 гъэ пщIондэ и унафэщIу лэжьар КъарэцIыкIу БетIалщ. Ар лIышхуэт и IэпкълъэпкъкIэ. Ноби дэ къыдогъэсэбэп абы ди еджапIэм и пщIантIэм дригъэщIыхьауэ щыта ухуэныгъэ дэгъуэхэр, ди лэжьыгъэм дежкIэ хуабжьу щхьэпэхэр, къатищ-къатиплIу зэтет унэхэр. Абыхэм яхэтщ щыпсэу, щрагъаджэ пэшхэр, лъэщапIэхэр. Ауэ щыхъукIи, ди еджапIэр а зэманми техникэу (зэуэ трактор 52-рэ щиIаи къэхъуащ), ухуэныгъэу дэтхэмкIэ ди республикэм абы хуэдэ еджапIэу а лъэхъэнэм ита псоми къахэжаныкIырт.

- Фи деж накIуэ пщащэ цIыкIухэм сыт хуэдэ IэщIагъэ евгъэгъуэтрэ, Анатолэ?

- ЕджапIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр мэкъумэш IэнатIэр арами, къуажэдэс унагъуэхэм къыщыхъуа хъыджэбз цIыкIухэр дэрбзэр, пщафIэ IэщIагъэхэм щыхудогъаджэ.

- Колледжым цIыху дапщэ щеджэрэ?

- ЦIыху 800-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 450-р Старэ Шэрэдж къуажэм дэт ди еджапIэм, адрей 350-р Майскэм дэт ди къудамэм щIэсщ. Ди деж къакIуэхэм я нэхъыбэр класси 9 къэзыухуа ныбжьыщIэхэрщ, 11-нэ класс нэужьым къыщIэтIысхьи щыIэщ. НэгъуэщI къуажэ щыщ щIалэ цIыкIухэр щыпсэу унэ диIэщи, абы щIэсщ.

- Анатолэ, колледжым адыгэбзи щевгъэджрэ?

- Федеральнэ программэм хэмытми, щIыналъэхэм «лъэпкъ компонент» фIащу къыдата сыхьэт бжыгъэр къыдогъэсэбэпри, адыгэбзэмрэ хабзэмрэ ди ныбжьыщIэхэр щыдогъэгъуазэ. ТфIэфIщ адыгэхэм ижькIэрэ къыддекIуэкI хабзэхэм ди гъэсэнхэр щыгъуазэу, адыгэбзэм нэхъ хуэшэрыуэу ди еджапIэм къыщIэкIмэ. Хьэлэмэтыр аращи, балъкъэр лъэпкъым къыхэкIауэ ди деж щыIэ ныбжьыщIэ зыбжани ди бзэм иропсалъэ.

- УкъызыхэкIа унагъуэм и гугъу къытхуэщIыт, Анатолэ?

- ЗэкъуэшитIрэ зэшыпхъуитIрэ дохъури, сэ сынэхъыщIэ дыдэщ. Нэхъыжь дыдэр Маринэщ, си къуэш Хьэутий абы къыкIэлъокIуэ, Маритэ илъэситIкIэ си япэ итщ. Ди адэр, Хьэзрит, пасэу дунейм ехыжащ, сэ илъэси 9 фIэкIа сымыхъуу. Ди анэм, хуабжьу гугъу къыддехьу, дипIащ. ИтIани, дызыхуей дыхуигъэзащ, жыпIэми ущыуэну къыщIэкIынукъым, нэхъыщхьэращи еджапIэ нэхъыщхьэ псоми къэдухащ. ПсэухукIэ, си щхьэр нэхъапэщ жиIакъым, и ныбжьыр илъэс 84-рэ хъуауэ 2009 гъэм дунейм ехыжащ. Пэжым фыхуеймэ, сэ къуажэм нэхъыбэу щIэзгъэзэжар ди анэрат. Абы и щIыхуэшхуэ ттелът, зэи тхуэмыпшыныжыну. Ди анэми илъэси 9-кIэ сыбгъэдэсыжащ, и гур нэхъ утIыпщауи згъэпсэужащ. АдэфI диIащ, пасэу тфIэкIуэдами. Ди адэшхуэм, Сэхъурокъуэ Хьэмид деж, къуажэдэсхэр чэнджэщакIуэ къекIуалIэрт, Iущагъышхуэ бгъэдэлърэ пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыхуу къалъытэрти. Иджыри къыздэсым абы и цIэр фIыкIэ зигу къэзыгъэкIыжхэм дыщрохьэлIэ ди къуажэм. И теплъэр ноби си нэгу щIэтщ: езыр лъагэрэ и щIыбагъымкIэ ирихьэкIа башыр и IэблитIым иридзэжарэ, и бгыр захуэу иIыгъыу къикIухьу зэрыщытар. Хьэмид 1967 гъэм дунейм ехыжащ, илъэситI дэкIри, ди адэр абы кIэлъыкIуащ. А тIум яужькIэ ди къуэш нэхъыжь Хьэутийщ адэ папщIэу къытщхьэщытари, ди анэм пщIэшхуэ зэрыхуищIымкIэ щапхъэу диIари.

- ЗгъэщIагъуэр аращи, апхуэдэ еджапIэр къуажэм сыту пIэрэт къыщIахьар?

- Япэрауэ, Аруан районыр мэкъумэш Iуэхум хуабжьу зыщиужьа щIыналъэт, иджыпстуи аращ. ЕтIуанэрауэ, апхуэдиз техникэр (тракторхэр, комбайнхэр, машинэхэр), губгъуэм ипшэн хуей щыхъукIэ, къалэм къыкIуэцIрыпшыныр къекIуртэкъым. Дохъушыкъуей деж щытхухаха ди губгъуэм щыдиIэщ ныбжьыщIэхэр IэщIагъэм щыхуэдгъасэ-щыхуедгъаджэ центр. Ещанэрауэ, тпэгъунэгъу къуажэхэм къыщыхъуа цIыкIухэм ящыщу жыжьэ IукIыну хуэмейхэм щхьэщахырт еджэн папщIэ къалэм нэс кIуэн зэрыхуейр. Мыри къыхэзгъэщынут. Ныбжьышхуэ зиIэ ди еджапIэр 1924 гъэм къызэрагъэпэщащ. ЯпэщIыкIэ, абы зэрихьэу щытар «Мэкъумэш еджапIэ» цIэрат. СэркIэ гъэщIэгъуэныр араща, ди адэри щеджат а школым. 1954 гъэм абы «МеханизацэмкIэ училищэ» цIэр иратыжащ, а унэтIыныгъэмкIэ IэщIагъэлIхэр къыщIигъэкI щыхъуари абдежым къыщегъэжьауэщ.

Епсэлъар **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.**

Адыгэну фIэфIщ

Къэшэж Iэдэм цIыкIу Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм щыщщ. Езанэ курыт еджапIэм щоджэ, япэ классыр фIы дыдэу къиухащ.

IЭДЭМ и адэ-анэм ягъасэ нэхъыжьым пщIэ яхуищIу, и ныбжьэгъу цIыкIухэм гуапэу яхущыту, нэмыс хэлъу. Псэущхьэхэр фIыуэ елъагъу, абыхэм теухуа тхылъ гъэщIэгъуэнхэр иIэщ. КъэкIыгъэхэри фIэфIщи, губгъуэм къыщрича удз гъэгъа Iэрамэхэмкlэ щIэх-щIэхыурэ и анэр егъэгуфIэ. ЩIалэ цыкIур нэхъыбэрэ ящIыгъун фIэфIщ и адэм, и адэшхуэм. ЯщIэр ядищIэу, зигъасэу, къыгурымыIуэхэм щIэупщIэу.

Сабий пэтми, Iэдэм зыхещIэ лъэпкъым и мыхьэнэр. КъызыхэкIар илъытэу, анэдэлъхубзэр шэрыуэу Iурылъу, щэнхабзэм дихьэхыу къыдрагъэкIуэтей и нэхъыжьхэм. Хуабжьу дехьэх адыгэбзэкIэ усэ зэгъэщIэным. Хэкум, бзэм, анэм, щIыуэпсым теухуа усэ куэд гукIэ ещIэ. Сабийхэм папщIэ къызэрагъэпэщ усэеджэ зэпеуэхэм хэтщ, сытым дежи ехъулIэныгъэ зыIэрегъэхьэ. Махуэшхуэхэм ящыщу Iэдэм псом нэхъыфIу елъагъу адыгэм теухуахэр - адыгэбзэм, адыгэ фащэм, адыгэ тхыбзэм я махуэхэр. ЖеIэ зэрыадыгэм зэрыригушхуэр, анэдэлъхубзэм нэхъ дахэ бзэ зэрыщымыIэр.

ГЪУЭТ Синэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Ди хэкуэгъум и IэдакъэщIэкIхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ «Возвращение» зыфIаща выставкэр. Абы япэу утыку къыщрахьащ УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт, 1995 гъэ лъандэрэ Германием щылажьэ икIи щыпсэу ди хэкуэгъу художник цIэрыIуэ Хьэжу Мурат и IэдакъэщIэкIхэр. Ипэ зидгъэщынщи жытIэнщ Мурат и мультипликацэ фильмитIи мыбдеж зэрыщагъэлъэгъуар.

КъБР-М щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым жиIащ апхуэдэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэм еплъыну Iэмал зэраIэр зэрыфIыгъуэшхуэр. Абы жиIащ Мурат и адэ, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Хьэжу Руслан и IэщIагъэм зэрыпищэр зэрыгуапэр, зи IэрыкIхэр дуней псом и утыкушхуэхэм щIэупщIэшхуэ щаIэу изыхьэ Мурат и лэжьыгъэхэр дыдейми къызэрыщалъытэр, щIыналъэм щыпсэухэм щIэщыгъуэ зэращыхъур абы и Iуэхум цIыхушхуэ къызэрекIуэлIамкIэ зэрынэрылъагъур. Карчаевэр Хьэжу Мурат ехъуэхъуащ и IэнатIэм ехъулIэныгъэ инхэр щиIэну, щIэхщIэхыурэ хэкужьым и лэжьыгъэхэр щигъэлъэгъуэну.

- Гъэлъэгъуэныгъэм зыкъресыгъэхьэлIахэм сынывохъуэхъу мы лэжьыгъэ щIэщыгъуэхэм феплъыну Iэмал фызэриIэмкIэ. Мурат и IэрыкIхэмкIэ нэрылъагъущ зэфIэкI зэриIэр. Уи адэм, укъыщалъхуа щIыналъэм уахуэфащэу дунейпсо гъуазджэр уогъэбейри, адэкIи уефIэкIуэну, гукъыдэж уиIэу фIыуэ плъагъу IэщIагъэм упэрытыну, уи ехъулIэныгъэхэм хэбгъэхъуэну ди гуапэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, профессор Пащты Герман къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Хьэжум и гъэлъэгъуэныгъэм республикэм и сурэтыщI куэд къызэрекIуэлIар зэригуапэр, я нэхъыжьыфIхэм я лэжьыгъэхэм пызыщэ щIалэгъуалэ республикэм зэримымащIэм узэригъэгушхуэр.

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ къытеувыIащ мы гъэлъэгъуэныгъэм щIэдзапIэ хуэхъуам. Мурат и IэдакъэщIэкIхэр Берлин нэгъабэ щыщигъэлъэгъуам, сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ гъэдэха и алэрыбгъухэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щалъагъуну я нэ къызэрикIыр щриIуэкIым, ар арэзы зэрыхъуар икIи ди щIыналъэм и дахагъэм, щIыпIэ, щIыуэпс къулейм, цIыхубэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэм триухуа мы лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр илъэскIэ зэригъэхьэзырар. Къаныкъуэ Жаннэ къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ и адэм и лэжьыгъитIи Мурат мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхигъэхьам.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием хэт Пащты Алим тепсэлъыхьащ Хьэжу Муратрэ езымрэ художественнэ школым зэрыщызэдеджам, ахэр зэрызэныбжьэгъум, зыми емыщхь и лэжьыгъэхэр Хэкум нэхъыбэрэ щигъэлъэгъуэну зэпымычу зэрыриIуэкIыр.

СурэтыщI Аккизовэ Имарэ Хьэжу Мурат фIыщIэ хуищIащ, ИнтернеткIэ мыхъуу, дахагъэкIэ гъэнщIа мыпхуэдэ лэжьыгъэ телъыджэхэм гъунэгъуу еплъыну Iэмал къазэрыритамкIэ.

Мурат и ныбжьэгъу Вэрокъуэ Заур жиIащ хуабагъэрэ дахагъэкIэ гъэнщIа мы лэжьыгъэ щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ цIыхубэм зэрахуэупсэр зэрыуасэншэр.

Хьэжу Мурат фIыщIэ яхуищIащ куэд щIауэ зыщIэхъуэпс мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмхэмрэ абыкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуахэмрэ (КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейр, Пащтыхэ я унагъуэр), абы къекIуэлIахэм, псалъэ гуапэхэр къыхужызыIахэм.

- Жэуаплыныгъэ зыпылъ мы гъэлъэгъуэныгъэм зыщыхуэзгъэхьэзырым, яужь сихьэжащ щIыуэпс теплъэ щIыным. Ди щIыналъэм хузиIэ лъагъуныгъэр, сызыхуэзэш бгыхэр алэрыбгъу сщIахэм къытощ, - жиIащ Мурат. - КъызэхъулIэмэ, Хэкум щIэх-щIэхыурэ сыкъызэрыкIуэжыным дяпэкIэ сыхущIэкъунущ.

«Хьэжухэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу Мурат и шыпхъу Людмилэ фIыщIэ яхуищIащ псоми, икIи жиIащ и дэлъхум и IэдакъэщIэкIхэмкIэ дяпэкIи игъэгуфIэну зэрыщыгугъыр.

Хьэжу Мурат Владикавказ къалэм и художественнэ училищэр 1995 гъэм къиухащ. 2012 гъэм Галлэ къалэм ХудожествэхэмкIэ академиер къыщиухащ икIи абы къэнэжауэ «Искусство текстиля» къудамэм и студентхэр ирегъаджэ. Германием и Лейпциг, Галлэ къалэхэм Мурат щигъэлъэгъуащ дунейм и щытыкIэм зэрызихъуэжам триухуа и лэжьыгъэщIэхэр. Ар хэтащ Урысейм, Германием, Франджым, Тыркум, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа фестивалхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

Дыщысхь щхьэ мыхъурэ?!

Дэ языныкъуэхэм деж дегупсысыххэркъым псым ди гъащIэм щиубыд увыпIэр зыхуэдэм. Ди планетэр абы щымыщIэу къытщыхъуми, абы щыщу уэзфэ хъунур щIыналъэ куэдым щымащIэщ, цIыху меларди 2,5-м щIигъум зэрызагъэкъабзэ псыр дагъуэншэкъым. ЩIы Хъурейм гъащIэр щызэтезыIыгъэ а ткIуаткIуэ гъуэзэджэр ирикъуу къызыIэрыхьэхэри дегупсысыпхъэщ ар зэгъэзэхуауэ къэдгъэсэбэпын зэрыхуейм.

КЪУМ щIыпIэхэм, губгъуэшэкъракъхэм псым пщIэшхуэ щыхуащI, ар абыхэм зэрыщымащIэм къыхэкIыу. Уэгъу зыхуэлъэ Ираным куэд щIащ хабзэ зэрыщыхъурэ псы къабзэр зыуцIэпIым нэлат ирахыу. Мысырхэм Нилыр тхьэпэлъытэу къащыхъуу, лIэщIыгъуэ Iэджэ екIуэкIащ. Ахэр сытым хуэдэу хуэпIащIэрэт гъатхэр къэсу псым къиун щыщIидзэну махуэхэм! А лъэхъэнэ жыжьэхэм Нил зыдэт тIуащIэ абрагъуэм псыкIэ зитIыжырт. Псы къиуар щыжэщIыжкIэ, ятIэ щIэтIысыкIахэр куэду къанэрт. Ар гъавэ бэвым и нэщэнэу къалъытэрт.

Илъэс 200 ипэкIэ париждэсхэр Сенэм пэгункIэ псы къыдахыурэ ефэу щытащ. Иджы абы бдзэжьей щыбгъуэтыжынукъым, уэздыгъэ нэхукIэ ущылъыхъуами, апхуэдизкIэ и ныджэр яуцIэпIащи.

XIX лIэщIыгъуэм псэуа сурэтыщI гуэрым къыщIэнащ IэдакъэщIэкI хьэлэмэт, инджылыз парламентым хэтхэр Вестминстер лъэмыжым деж бдзэжьей зэрыщещэу щытар иплъагъуэу. Иджы абдеж ущIэкIуэн щыIэжкъым, къунтхкIэ бадзэ ущемыщэнумэ, апхуэдизу псыр фIейм икудащи.

Флоридэ штатым къеуалIэ Эскамби хыжьэм (псыдыхьэм) и щхьэ къырикIуар гущIыхьэщ. Хьэуэ, мыбы щIыр щыхъеяуэ, мафIэбг гуэр къыщиуауэ е жьапщэ къыщыкъуэуауэ аратэкъым. КъэхъуамкIэ къуаншэр химие заводхэр зи унафэ щIэтхэрат. ЗэманыфIкIэ а IэнатIэхэр щытхъушхуэ яIэу лэжьащ, хущхъуэ, щIыгъэпшэр, лэч, нэгъуэщI Iэджи къызэрыщIагъэкIым и фIыгъэкIэ.

Сэбэп хъу хьэпшып гуэр щагъэхьэзыр дэтхэнэ IуэхущIапIэми пыдзахуэ къащIэмынэу хъуркъым, химие заводхэм щхъухь зыхэлъ зэхэщIэхэр, кIэкъинэхэр щобагъуэ, асбест пыдзахуэхэри щымащIэкъым. Пэжщ, «шлаккIэ» зэджэ щIакIэхэри асбест пыдзахуэхэри унэ е гъуэгу щыбухуэкIэ къэбгъэсэбэп мэхъу. Абдж къутахуэ щабэхэр пшахъуэм и пIэкIэ бетоным халъхьэ, шлакым блок ахъырзэманхэр къыхащIыкI, целлюлозэм щыщу къанэмкIэ Iусыпхъэ ягъэхьэзыр. АрщхьэкIэ щхъущ зэхащIахэм (растворхэм) къадэхуэхэм иджыри къыздэсым яхуещIэшхуэ щыIэкъым. Ахэр псы ежэххэм, хыжьейхэм хаутIыпщхьэ.

Аращ заводхэм я Iэтащхьэхэми «ирапэсауэ» щытыгъар Эскамби псыдыхьэм. Абдежым къыщыкI языныкъуэ къэкIыгъэхэм ар зыкIи я «жагъуэ зэрымыхъуар» щIэх дыдэу наIуэ къэхъуащ: растворхэм къахиху азотымрэ углеродымрэ я «Iус» нэхъыщхьэу къыщIэкIри, ахэр Iыхьэлейм икIауэ зэщIэбагъуэри, псы щхьэфэм зэрыщыту зытраугфэбгъуащ. Арати, зэрыбэуэн щамыгъуэтыжым, псэ зыIуту хыжьэм хэсахэр зэтелIащ икIи Эскамби зэрыщыту бдзэжьеикхъэ хъуауэ щытащ.

ЩIыуэпсыр хъумэныр, егъэфIэкIуэныр къэрал псоми я унафэщIхэми абыхэм щыпсэу цIыхухэми я зэхуэдэ къалэнщ.

АНЗОРЫКЪУЭ Аслъэмырзэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ещанэщ

Налшык щекIуэкIащ КИФЩI-м щыIэ Урысей МЧС-м мафIэс-къегъэлакIуэ спортымкIэ и чемпионат. Мы гъэм а IуэхущIапIэр илъэс 35-рэ зэрырикъум хуэгъэпса зэхьэзэхуэхэм хэтащ щIыналъэхэм я управленэ нэхъыщхьэхэм я гупи 7, цIыху 120-м щIигъу къызэщIэзыубыдэр. Я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьыр, я IэкIуэлъакIуагъыр ягъэлъэгъуащ мафIэсгъэункIыфIхэм, апхуэдэуи абы дихьэх щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ.

МАХУИПЛIКIЭ спортсменхэр щызэпэщIэтащ щхьэзакъуэ зэпеуэхэми, гупхэм я зэхьэзэхуэми: пкIэлъеймкIэ лъагапIэхэм дэкIуеящ; лъэпощхьэпохэр зиIэ метри 100 гъуэгуанэ зэпачащ, цIыхубзхэм двоеборьем я зэфIэкI къыщагъэлъэгъуащ, цIыху плIырыплI зыхэт гупхэр метрищэ мафIэсгъэункIыфI эстафетэм хэтащ.

КIэух Iыхьэр щекIуэкIащ «Спартак» стадионым. Чемпионатым и дэтхэнэ Iыхьэми гупхэр ерыщу щызэныкъуэкъуащ. Командэхэм къагъэлъэгъуащ ерыщу ипэкIэ кIуэным зэрыхущIэкъур.

ТекIуахэр щагъэлъапIэм зэпеуэм хэтхэм захуигъэзащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Хьэщхъуэжь Елдар. Абы фIыщIэ яхуищIащ зи IэщIагъэм хуэIэижьхэм, апхуэдэуи къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэпеуэхэм мафIэсгъэункIыфI IэщIагъэм и пщIэр зэраIэтыр.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Мисиров Ибрэхьим жиIащ чемпионатыр екIуу зэрекIуэкIар икIи абы и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

Командэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Шэшэн Республикэм щыIэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм ейр 2-нэщ. Ещанэ хъуащ КъБР-м щыIэ къудамэм и гупыр.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ иратащ щIыхь тхылъхэр, медалхэр, кубокхэр, тыгъэ лъапIэхэр. Iуэхур къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ МафIэс-къегъэлакIуэ спортымкIэ федерацэм и щIыналъэ къудамэмрэ Урысейпсо мафIэсгъэункIыфI зэгухьэныгъэмрэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Футбол

ДжэгукIэр ягъэтэмэмыну тхьэмахуищ кърат

«Севастополь» (Севастополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) –1:0 (0:0). Севастополь. «Севастополь» спорт-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплекс. Бадзэуэгъуэм и 5-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Судьяхэр: Лацвиев (Шахты), Головченкэ, Абросимов (тIури Дон Iус Ростов щыщщ).

«Севастополь»: Кучейкэ, Потапов, Гевлич, Ливандов, Ганус, Мокшин, Дугу, Загребельный (Османов, 64), Мироненкэ (Смирнов, 83), Бекхан, Иванов

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КIэдыкIуей, Гъуэгузокъуэ, Къардэн, Жабоев, Далиев (Кумыщ, 90), Блий, Дзыгул (КIэщт, 90), Шэрджэс (, Болэтокъуэ, 79), Лысенкэ, Хьэшыр А.

Топыр дигъэкIащ: Ивановым, 90 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Къардэным, Мокшиным, Лысенкэ, Гъуэгузокъуэм, Жабоевым, Къумыкъум, Къумыщым.

Джэгум къыхахуащ: Къардэныр (53-нэ дакъикъэм).

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэ къызэрыщыхуэмыхьыфрэ зэIущIэ 12-м нигъэсащ и хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм зы топи зэрыдимыгъэкIыфрэ дакъикъэ 821-рэ хъуащ. Иджы абыхэм къахыхьэжащ блэнейрэ зэкIэлъхьэужьу къызэрыхагъэщIар. Куэдрэ къызэрыхэдгъэщащи, мы бжыгъэхэм хэдгъэхьакъым етIуанэ къекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэм Мэхъэчкъалэ щыIэу щIыпIэ «Динамо-2»-м зэрытекIуари абы худагъэкIа топищри, а гупыр зэрылъэрымыхь дыдэм къыхэкIыу.

ГухэщIщ апхуэдэ зэфIэкI фIэкIа зимыIэ гупым Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралпсо утыкум къызэрыщигъэлъагъуэр. Хьэрхуэрэгъухэр къакIуэми, дыдейхэр кIуэми къыхагъащIэр «Спартак-Налшыкращ». Абы щыгъуэми зыхэтыр Урысей Федерацэм футболымкIэ и зэхьэзэхуэ нэхъ лъахъшэ дыдэращ. АдэкIэ уздикIуэтын щыIэжкъым.

Щэбэт кIуам Севастополь щыIа зэIущIэм ди щIалэхэм зыкъомрэ зыщаIыгъащ. АрщхьэкIэ джэгум и иужь дыдэ дакъикъэм топ къыхудагъэкIри, аргуэрыжьти, фIахьащ. Налшыкдэсхэр мыныкъуэкъуауэ, я зэфIэкI псори абы хамылъхьауэ пхужыIэнукъым. Щыхьэту урикъунщ, ди щIалихым судьям дагъуэ къазэрыхуищIар, зыр джэгум къызэрыхихуар, езыхэри зыщымысхьыжу я ныкъуэкъуэгъухэми къапимыкIуэту егъэлеяуэ утыку зэритам къыхэкIыу. АрщхьэкIэ яхузэфIэкIыр здынэсыр аращ, икъукIэ ди жагъуэ зэрыхъущи.

БлэкIа джэгугъуэм иужькIэ зэхьэзэхуэр тхьэмахуищкIэ зэпагъэуащ. Ар щызэхуаблэжынур бадзэуэгъуэм и 26-ращ. Яхурикъуну пIэрэ «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэмрэ я унафэщIхэмрэ зыгуэрхэр ягъэзэкIуэжу, зэрыт щытыкIэ гугъум къикIыну? ЗэкIэ фIэщщIыгъуейщ, ауэ, сыт щыгъуи хуэдэу, фIым дыщыгугъынщ.

ЗэкIэ турнир таблицэм бжьыпэр щыздаIыгъ «Динамо Ставрополь»-мрэ Хасавюрт и «Победа»-мрэ. КъызэрыттекIуам и фIыгъэкIэ абыхэм япэгъунэгъу хъуащ «Севастополь»-р.

«Спартак-Налшыкыр» гупкIэм пысщ. Иужь къитыр Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-м и закъуэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Победа**» (Хасавюрт) – «**Астрахань**» (Астрахань) - **1:0**, «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **0:0**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **1:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) – **2:0**, «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - **1:1**.

«**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Рубин**» (Ялтэ) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» бадзэуэгъуэм и 26-м и стадионым щригъэкIуэкIынущ. А махуэм абы къригъэблэгъэнущ «Сочи-2» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо Ставрополь»	**18**	**10**	**5**	**3**	**28-18**	**35**
2. «Победа»	**18**	**11**	**2**	**5**	**25-17**	**35**
3. «Севастополь»	**18**	**9**	**6**	**3**	**29-24**	**33**
4. «Кубань Холдинг»	**18**	**8**	**8**	**2**	**31-17**	**32**
5. «Ростов-2»	**18**	**9**	**4**	**5**	**24-17**	**31**
6. «Астрахань»	**18**	**7**	**6**	**5**	**27-17**	**27**
7. «Сочи-2»	18	7	5	6	24-20	26
8. «Нарт»	18	7	4	7	23-16	25
9. «Дружба»	18	7	4	7	27-20	25
10. «Рубин»	17	7	4	6	17-17	25
11. «Легион»	18	6	5	7	18-24	23
12. «Ангушт»	18	3	4	11	11-24	13
13. «Спартак-Налшык»	**18**	**3**	**3**	**12**	**13-32**	**12**
14. «Динамо-2»	17	0	2	15	9-43	2

Сурэт техыныр тынштэкъым

Ди зэманым сурэт тепхыну тынш дыдэщ. Сурэттех лIэужьыгъуэ куэд зэрыщыIэм нэмыщI, дызэрыпсалъэ жып телефонхэм хегъэубыдащ сурэт зэрытрах Iэмалыр. ЩIыуэпсым и щIыпIэ телъыджэ гуэрым укъыщыхутарэ, къытебгъэзэурэ абыхэм уIуплъэну ухуеймэ, сурэтыр уи телефоным куэдрэ тетынущ. Ауэ щыхъукIи, сурэт тепхыну тыншу щытакъым пасэм.

НОБЭРЕЙ сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэм дахуэкIуэным и япэ къитщ тхыди, щIэныгъи, ар зи фIыщIэ цIыхухэм я цIэхэри. Илъэс 200-м щIигъу ипэкIэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэу тепх хъууэ щытакъым. Дунейр зэрыщхъуэкIэплъыкIэр, зэрызэмыфэгъур къэзыгъэлъэгъуэфыр сурэтыщIхэм я закъуэт.

1840 гъэхэм франджы Беккерель Эдмон хлор зыхэлъ дыжьын пIащIэпсым (пластинэм) плъыфэхэр IэпапIэу япэу тригъэубыдэфащ. АрщхьэкIэ, пластинэр кIыфIыпIэм щыхъумэн хуейхъурт, нэхум хэпхьэмэ, щIэхыу текIыжырти. Америкэн Хилл Ливай 1853 гъэм сурэт щхъуэкIэплъыкIэ зэрытрах Iэмал гуэр къигупсысри, абы и патент зэригъэпэщынуи иужь ихьат, ауэ куэдым ар къалъытащ лэч (краскэ) зэмыфэгъухэмкIэ сурэтхэм хэцIэлыхь гъэпцIакIуэу.

Япэ сурэт зэмыфэгъуу къалъытэ Британием щыщ Максвелл Джеймс и лентI щхъуэкIэплъыкIэр, 1861 гъэм хэIущIыIу ищIар. Сыт хуэдэ плъыфэри плъыжьым, удзыфэм, щIыхум къазэрытепщIыкIыфыр къэзыхутауэ щыта физик цIэрыIуэм а и къэхутэныгъэр сурэт Iуэхуми къыщигъэсэбэпащ. Плъыфэ лIэужьыгъуищым чэзууэрэ лентIэр ятрилъхьэурэ сурэт трихащ. Нэху зытридзэ фильтркIэ упхыплъмэ, сурэтхэр щхъуэкIэплъыкIэт.

Зыгуэрым требгъэубыдэу уеплъын хуей мыхъуу къэунэхуа япэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэр къигупсысащ Орон дю Луи. Сурэт техыным абы къыщигъэсэбэпащ пигментыр. Пэжщ, плъыфэхэр IупщI дыдэу къагъэлъагъуэу пхужыIэнутэкъым. Апхуэдэми, пигментхэр къыщыгъэсэбэпа сурэтхэр куэдкIэ нэхъ зехьэгъуафIэт, текIыжыртэкъым.

1891 гъэм Липпман Габриэль пигменти, зэралэ лэчи къыумыгъэсэбэпу, нэхум и фIыгъэкIэ сурэт тепх зэрыхъур къигъэлъэгъуащ. 1908 гъэм абы и къэхутэныгъэм къыхуагъэфэщащ Нобель и саугъэтыр.

Зэман дэкIри, сурэттех Iэмэпсымэр къэунэхуащ. 1907 гъэм франджы Льюер зэкъуэшхэм сурэт пластинкэ щхъуэкIэплъыкIэхэр къагупсысащ. Абыхэм я къэхутэныгъэм къыщагъэсэбэпащ зэмыфэгъуу ла кIэртIоф крахмал.

А зэманым урыс сурэттех нэхъ цIэрыIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуауэ щытар Прокудин-Горский Сергейщ. Абы хэлъхьэныгъэ хуищIащ сурэттех Iуэхум. Сурэт зытрихыр къызэриубыд зэманыр зы меданкIэ нэхъ хуэм ищIын хузэфIэкIащ, сурэт техахэр бжыгъэ куэд хъууэ къыщIэбгъэкIыж зэрыхъу Iэмали къигупсысащ. 1903 гъэм щегъэжьауэ 1916 гъэ пщIондэ Прокудин-Горскэм Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щытрихащ сурэт зэмыфэгъуу мини 3-м щIигъу.

1912 гъэм нэмыцэ Фишер Рудольф сурэтхэр тхылъымпIэ щытрадзэкIэ къагъэсэбэп лэчхэм химикат (пкъыгъуэ зэмыфэгъу) къазэрыхэкIым гу лъитащ. Ахэр эмульсием хилъхьэу къэзыублар аращ, плъыфэ зыбжанэу зэтелъ сурэтхэр ищIу.

1924 гъэм Маннес Леопольдрэ Годовский Леопольдрэ эмульсие щхьэфитIу зэтелъ сурэт плёнкэм и патент зэрагъэпэщащ. Япэ щхьэфэр удзыфэт е щIыхуфэ-удзыфафэт, етIуанэр плъыжьт. 1935 гъэм я къэхутэныгъэр ирагъэфIэкIуащ, плёнкэр щыуэ зэтелъу ящIри. «Kodachrome» плёнкэ зэмыфэгъур апхуэдэу къежьащ. Сурэт тезыхым и плёнкэр сурэтщIыжым хуигъэхьырти, абы сурэтхэр хьэзыру къритыжырт. Сурэт тезыхым ар езым тхылъымпIэм тридзэу япэу щыхъуар Германиерщ. «Agfacolor» плёнкэр 1936 гъэм ящэ хъуащ. 1941 гъэм «Kodak»-м зэригъэпэщащ тхылъымпIэ щхъуэкIэплъыкIэр. Сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр трихрэ асыхьэтуи къыщIэзыгъэкIыж «Polaroid» сурэттехыр 1963 гъэм къежьащ.

1980 гъэхэм плёнкэ зыдэмылъ, бжыгъэкIэ лажьэ сурэттеххэр къэунэхуащ. Иджы сурэтхэр электроннэ щIыкIэу пхъумэ хъурт. Интернет Iэмалыр хуит хъури, сурэтхэр къыщIэгъэкIыжыным щIагъуэу хуэмыныкъуэ хъуащ. Нэхъыбэу ахэр зэIэпах электронн Iэмалыр къагъэсэбэпу.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинsocket и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1452
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Маруся** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.